

SS.7.C.2.1

Defini tèm "sitwayen an," epi idantifye sinifikasyon legal pou devni yon sitwayen Ameriken.

SS.7.C.2.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap evalye enpak pwosesis natiralizasyon an sou sosyete a, gouvènman an, oswa pwosesis politik la.

Deba sou **sitwayènte** ak **natiralizasyon** te fè yon gwo enpak (efè) sou sosyete a, gouvènman an, ak pwosesis politik la. Sitwayènte toujou pafwa yon sijè kontwovèsyal. Pafwa, Ameriken yo nan desadako pou moun yo ta dwe akòde sitwayènte nan natiralizasyon ak ki jan pwosesis ta dwe difisil pou moun jwenn sitwayènte. Gen kèk moun ki kesyone pou konbyen tan yon **imigran** ta dwe ap viv nan peyi Etazini san yo paka aplike pou sitwayènte.

Pati politik yo te diskite sou kesyon natiralizasyon sa yo nan **tribin pati yo**, ak opinyon **kandida yo** te bay konsènan natiralizasyon enfliyanse fason votè yo santi yo sou natiralizasyon ak enpòtans ki genyen nan sitwayènte peyi Etazini. Kòm plis imigran ki naturalize epi yo vin patisipe nan pwosesis politik la, yo menm tou enfliyanse deba a lè yo vote, al nan eleksyon pou pòs politik, yo te chwazi pou yon pòs piblik, e kap patisipe nan legislatif.

Egzanp, **Lwa sou Dwa Vòt 1965 lan** te chanje an 1975 pou mande ke bilten vòt eleksyon yo enprime nan tout nan lang yo nan yon distri kote omwen 5% nan sitwayen yo kap viv nan distri a pale lang lan. Nan lòt koze, si 5% nan sitwayen yo kap viv nan Distri Orang nan Eta Florid la, pale Panyòl, lè sa a tout nan bilten vòt eleksyon yo dwe enprime nan tou de lang yo panyòl ak anglè. Egzijans sa a fè li pi fasil pou sitwayen natiralize ki soti nan peyi Amerik Latin yo vote paske chak atik sou bilten vòt yo enprime nan lang Panyòl yo. Depi Lwa sou Dwa Vòt la te chanje an 1975, plis sitwayen Ameriken natiralize ki soti nan peyi Amerik Latin yo vote nan eleksyon yo. Epi tou, kandida yo gen plis chans enkli piblisite nan lang panyòl la ak mete postè nan kanpay yo pou montre yo ke yap lonje men konle bay sitwayen Ameriken ki natiralize yo.

Florid te eli premye Kiben-Ameriken Senatè Etazini an 2004 (Mel Martinez). De frè, Mario Diaz-Balart ak Lincoln Diaz-Balart, te reprezante Eta Florid la nan Chanm Reprizantan nan peyi Etazini pou plizyè ane. Depite Mario Diaz-Balart te fèt nan Florid (sitwayen Dwa nan tè a), pandan ke Depite Lincoln Diaz-Balart te fèt nan Kiba e li te devni yon sitwayen ki natiralize.

imigran - yon moun ki vin nan yon peyi pou l viv la pou tout tan

kandida - yon moun ki al nan eleksyon pou pòs politik

Lwa sou Vòt Dwa 1965 - yon lwa federal ki te entèdi diskriminasyon rasyal nan pratik vote pou federal, eta, ak gouvènman lokal yo

natiralizasyon - pwosesis pou ke yon imigran devni yon sitwayen

pati platfòm - yon deklarasyon ki ekri objektif yon pati politik

sitwayènte - yon manm legal nan yon eta ak/oswa yon peyi